Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Нохчийчуьра тIамах бевдда нах тахана а ГIалгIайчохь тховкIело йоцуш бу

Гезгмашин-бутт 08, 2026




Соьлжа-ГIала, 1995-чу шеран гIуран-бутт. Гайтаман сурт

Ца бевллачу денна Нохчийчуьра дIабахна ГIалгIайчохь бехачу мухIажарша дIахьедина, мехкан Iедало хIинца а хIусамаш йелла йац шайна, ткъа 2015-чу шарахь тховкIело лур йу аьлла хIоттийначу тептарера а дIадаьхна шаьш аьлла. 30 шо хьалха тIамах бевддачу оцу наха дехар дина Оьрсийчоьнан Талламан комитетан куьйгалхочуьнга оцу хьолана юкъагIортахьара аьлла.

Кхелхина баьхкинчу нехан кхайкхам зорбане баьккхина гIалгIайн хаамийн тобанаша. "Оха доьху хьоьга, Александр Иванович [Бастрыкин], даггара сатуьйсу оха хьан догцIеналле, оьздангалле, жоьпалле, ахь и хаттар дIадерзоре а, ГIалгIайчоьнан республикехь хуьлуш долчунна тидам баре а", - аьлла дIахьедина зенаш хиллачех цхьаммо. Талламан комитетан куьйгалхочуьнга хьажийначу видео тIехь дакъалоцуш вара 20 гергга стаг.

Бастрыкина а, ГӀалгӀайчоьнан Ӏедалша а комментари ца йина керлачу латкъамна.

Тхан редакцино ма-йаздарра, 30 шо а ду, Нохчийчуьра ши тӀом бахьана долуш, шайн хӀусамех бевллачу Нохчийчуьра мухӀажаршна гергахь Оьрсийчоьнан Ӏедалхоша шайн декхарш кхочуш ца деш, тесна дуьту. Царех массеран а аьтто ца хилла йайначу хӀусамах компенсаци эца, бюрократина тӀехула дац и, йиллина лелочу дискриминацица доьзна ду. Шаьш нийса хилар кхелашкахь тӀечӀагӀдан хьийза мухӀажарш хӀинццалц схьа.

ГӀалгӀайчоьнан куьйгалло тӀаьхххьара 2026-чу шеран охан-баттахь дӀахьедира, шаьш мухӀажаршна гӀо дарх лаьцна. ЧӀагӀдора, 18 доьзална хӀусам эца сертификаташ йелла шаьш, ткъа стохка кхин а 18 гӀад дайначу хьелашкахь болу доьзалш чоьте а эцна бохуш. Маса доьзал буьсу кхин а гӀо оьшуш, меттигерчу Ӏедалхоша билгал ца даьккхира.

- "Мемориалан"бакъонашларйархоша дӀахьедира, ца бевллачу денна боьхна баьхкинчу нахана ахчанан компенсацеш йала догӀура шайна керла хӀусамаш йан, йа эца, амма 1998-чу шеран кризисо таро ца ло оцу нахана гӀо дан. Цул тӀаьхьа Ӏедалхоша масийтаза чолхе даьккхира компенсацеш йалар, оцу тӀехула Нохчийчуьра тӀамах бевдда дуккха а нах гӀо кхачон дезачу нехан статусах бехира. Ишта бисина уьш компенсацеш йоцуш а, хӀусамаш йоцуш а.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Еррриг бакъонаш ларъйеш ю